



Règleman Chanselye (Chancellor Regulation,

CR)

Nimewo: A-802

Sijè: ENSTALASYON EKIPMAN GPS AK TRENING AK PRATIK WOUT OTOBIS AVID

Kategori: TRANSPÒ ELÈV

Pibliye: Vandredi 12 out 2022

REZIME CHANJMAN YO

Règleman sa a modifiye ak ranplase CR A-802 ki gen dat 20 jen 2019.

Chanjman:

- Fè mizajou Rezime ki konsistan avèk lòt chanjman nan règleman an.
- Klarifye kondisyon konpayi otobis yo pou aplike trening legalman ak/oswa kontra ki obligatwa pou chofè otobis yo, anplwaye yo, ak/oswa asistan yo (Seksyon II.A).
- Ajoute yon nouvo dispozisyon konsènan trening obligatwa pou chofè otobis ak asistan pou bay glucagon dapre yon lòd tribinal federal (Seksyon II.B).

REZIME

Regleman sa a tabli lwa ki gouvène: enstalasyon ak itilizasyon ekipman ak/oswa aparèy ki obligatwa nan objektif pou anrejistre, rapòte oswa transmèt enfòmasyon konsènan kote machin ak/oswa elèv yo ye, ak egzije trening pou matwòn ak chofè otobis epi fè wout otobis avid.

I. SISTÈM LOKALIZASYON GLOBAL (GLOBAL POSITIONING SYSTEM, GPS), EKIPMAN KI GEN RAPÒ AVÈK LI AK KRITÈ

- A. Lokalizasyon GPS se siveyans kote atravè itilizasyon lojisyèl lokalizasyon global ak ekipman pou lokalize kote yon antite oswa yon objè ye adistans.
- B. Tout konpayi otobis ki gen kontra transpò elèv avèk Board of Education ak/oswa pwolonjman kontra ki efektif apre 30 jen 2018, jan yo egzije l, apre 1ye jiyè 2019 pou aksepte enstalasyon ekipman GPS ak lojisyèl ki gen rapò avèk yo ke Board of Education chwazi, nan objektif pou yo lokalize ak rapòte nan tan reyèl kote otobis lekòl yo ak pasajè elèv yo ye ("Tracking System") ak aplike sistèm lokalizasyon sa nan tout otobis k ap sèvi elèv.
- C. Tracking System lan dwe kapab fonksyone nan tout jou lekòl lè y ap transpòte elèv epi manm estaf ki la pou sa nan Board of Education dwe gen aksè nan Tracking System lan.

II. REGLEMAN SOU TRENING JENERAL AK KRITÈ KI GEN RAPÒ AVÈK YO

- A. Anplis resiklaj chak ane ak lòt trening legal ak/oswa kontra ki obligatwa pou chofè otobis yo, anplwaye yo, ak/oswa asistan yo, tout konpayi otobis yo ki gen kontra transpò pou elèv Depatman Edikasyon an ak/oswa ekstansyon sa yo ki efektif apre 30 jen 2018, yo oblije, apre 1ye jiyè 2019, pou enplemannte jou fòmasyon pou chofè otobis yo, anplwaye yo, ak/oswa matwòn yo, nan objektif fòmasyon ki obligatwa legalman ak/oswa wout otobis ki avid ak/oswa itilizasyon Sistèm Tracking la.
- B. Pou respekte yon lòd tribinal federal, epi ki konfòm ak fòmasyon sou sekirite Eta a apwouve, tout konpayi otobis ki gen kontra transpò pou elèv avè depatman edikasyon ak/oswa ekstansyon sa yo dwe fèt avan dat limit Konsèy Edikasyon an fikse a: asire tout chofè otobis ak asistan Depatman Edikasyon Vil Nouyòk (DOE) yo idantifye kòm moun k ap transpòte yon elèv ki gen yon Fòm pou bay Medikaman Dyabèt patisipe nan fòmasyon anyèl lè y ap bay glukagon (yon medikaman pou sekou nan ka ijans pou dyabèt); epi bay DOE prèv trening lan te fèt nòmalman.

III. DEMAND RANSÈYMAN

Si w gen kesyon konsènan règleman sa a, voye yo bay:

Biwo Transpò Elèv

Depatman Edikasyon Vil Nouyòk

44-36 Vernon Blvd., 6th Floor

Long Island City, NY 11101

Telefòn: 718-707-4343